

Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè Pou Paran ak Fanmi yo



11èm Ane



Premye Trimès


Etap Aksyon yo

- Revize rapò 'GradTrack' ptit ou a nan Pòtal Paran M-DCPS la pou kontwole pwogrè ptit ou a ki pral nan gradyasyon ak kondisyon admision nan kolèj yo.
- Ankouraje ptit ou a pouswiv pasyon li epi rantre nan klib ak aktivite kominotè ki vrèman enterese li nan ane lekòl sa a.
- Ankouraje ptit ou a pran egzamen PSAT a ki prepare li pou egzamen SAT e ki ka pèmèt li elijib pou "National Merit Scholarship Program" (Pwogram Bousetid Merit Nasional) la.
- Tcheke Pwofil Paran Scoir ou a pou okouran nenpòt anons oubyen pou mete enfòmasyon ajou epi kòmanse ajoute non kolèj yo nan paj "Suggested" (Sijere) nan kont Scoir ptit ou a pou sipòte pwoesisis rechèch kolèj li chwazi yo.
- Kòmanse fè rechèch pou metòd peman depans kolèj yo (bousetid, prè, ak plis lòt).
- Eksplore posiblite pou pwograme vizit kanpous nan enstisyon apre lekòl segondè ki enterese ptit ou a.
- Ale nan yon fwa kolèj/karyè ak ptit ou a ki se yon opòtinite pou konnen e prezante w bay kolèj yo.
- Patisipe nan seri Atelye sou Mwa Kolèj M-DCPS òganize sou entènèt nan mwa Oktòb.
- Akonpaye ptit ou a nan yon sware èd finansye pou aprann plis de pwoesisis la an previzyon de pwoesisis ane pwochèn nan.
- Kòmanse kalkile "Estimated Family Contribution (EFC)" (Estimasyon Kontribusyon Fanmi w) pral ye lè w itilize yon kalkilatris èd finansye epi kòmanse prepare yon plan pou peye depans kolèj yo.
- Revize "Diploma Pathways" (Diferan metòd pou resevwa yon diplòm) M-DCPS ak egzamen an, sèvis kominotè, sètifikasyon endistri ak kondisyon 'GPA' (Mwayèn Jeneral) yo pou k ap kalifye nan divès deziyasyon.
- Patisipe nan aktivite "open house" (Reyinyon Vizit Lekòl) nan lekòl la pou fè konesans ak pwofesè yo epi konprann ki sa y ap atann pou twazyèm ane a segondè.
- Konekte ak ekip ESE lekòl la pou asire ke oumenm ak ptit ou a patisipe totalman nan "Transition Individual Education Plan (TIEP)" (Plan Tranzisyon Edikasyon Endividiyèl la) nan reyinyon ane sa a. Reyinyon 'TIEP' a ap ede w konekte ak ajans sipò tankou "Vocation Rehabilitation" (Reyabilitasyon Vokasyon) ak "Agency for Persons with Disabilities" (Ajans pou Moun Andikape yo). Reyinyon sa a pral genyen tou konsiderasyon pou ranvwaye resepsyon diplòm regilye nan lekòl segondè a pou patisipasyon nan pwogram apre lekòl segondè yo.



Resous

- [CollegeBoard – Enfòmasyon pou Paran ak Gadyen yo- PSAT/NMSQT](#)
- [Estime "Federal Student Aid" \(Èd Finansye Federal\)ou](#)
- [Videyo Fòmasyon 'GradTrack'](#)
- ["Mapping Your Future" \(Preparasyon Avni w\) pou Paran ak Fanmi yo](#)
- [Gid pou "National Merit Scholarship Program" \(Pwogram Bousetid Merit Nasional\)](#)
- [Gid sou Ladrès Finansye ki soti nan "Federal Student Aid" \(Èd Federal pou Elèv\)](#)
- ["Diploman Pathways" \(Diferan Metòd Pou Resevwa Yon Diplòm\)](#)
- [Pwogram Tranzisyon ak Sèvis yo – Ranywa Resepsyon Diplòm Regilye nan Lekòl Segondè.](#)



Pou plis enfòmasyon, vizite
studentservices.dadeschools.net



Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè Pou Paran ak Fanmi yo

11èm Ane



Dezyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Ankouraje ptit ou a pou li ogmante CV li nan patisipe nan lòt aktivite ki pa nan kourikoulòm lekòl li oswa fè travay volontè nan kominote a.
- Ede ptit ou a yon fason pou li ekilibre ak òganize aktivite lekòl li ak aktivite andeyò lekòl li.
- Ede ptit ou a chèche opòtinite bousetid li ka elijib pou yo.
- Revize nòt egzamen PSAT a ansanm ak ptit ou a epi kreye yon plan etid oswa pwogram pou amelyore konpetans li anvan li pran egzamen SAT/ACT a.
- Ede ptit ou a enskri pou egzamen SAT/ACT a. Gen yon lajan pou peye pou egzamen sa yo ou dwe pran an konsiderasyon.
- Chèche resous lesон patikilye si sa nesesè.
- Ankouraje ptit ou a pran kou ki difisil ane pwochòn pou prepare li pou travay kolèj ak revizyon nòt pou egzamen admisyon yo.
- Patisipe nan "Junior Parent Night" (Sware pou Paran Elèv Twazyèm Ane Segondè) pou aprann ki kou yo sijere ak planifikasyon preparasyon tès.
- Asire w ou ranpli dokiman taks ou alè epi kenbe deklarasyon taks ou paske ou pral bezwen li pou aplike pou 'FAFSA' a lè ptit ou a rive nan katriyèm ane segondè.
- Fè plan pou ale nan "Miami National College Fair" (Fwa Kolèj Nasional Miami).

Resous

- [Estime "Federal Student Aid" \(Èd Federal pou Elèv\)](#) ou
- ["Mapping Your Future" \(Prepare Avni w\)](#) pou Paran ak Fanmi
- [CollegeBoard – Jwenn Bousetid ki matche w yo](#)
- [Sit entènèt CAP Peye pou Kolèj la](#)



EXTRACURRICULAR ACTIVITIES



Pou plis enfòmasyon, vizite
studentservices.dadeschools.net



Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè Pou Paran ak Fanmi yo

11èm Ane



Twazyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Asiste pitit ou a nan chèche lekòl ki satisfè bezwen li ak kalifikasyon finansye li yo.
- Ankouraje pitit ou a pou li etidyé pou egzamen SAT pou li ka gen yon nòt konpetitif ki pi byen satisfè pwofil akademik kolèj li prefere yo nan dat limit aplikasyon yo.
- Fè aranjman pou vizite kanpous kolèj yo ak pitit ou a.
- Ankouraje pitit ou a pou chèche opòtinite pandan sezon ete a pou fè volontè/travay/estaj.
- Ale nan "Miami National College Fair" (Fwa Kolèj Nasyonal Miami a) ansam ak pitit ou a pou fè lakonesans ak yon varyete enstitisyon nasyonal ak entènasyonal.
- Asire w ou gen tout dokiman nesesè pou ou gen aksè akomodasyon egzamen yo pou nenpòt egzamen SAT/ACT ke pitit ou a ki genyen yon plan IEP oswa 504 kapab pran.



Resous

- [Kolèj Scorecard](#)
- [Ekolaj Kolèj Konpare](#)
- [College Essay Guy: Aplikasyon pou Kolèj ak Resous pou Redaksyon](#)
- [Komisyon Konsèy Kolèj la: Kijan Pou Solisite Akomodasyon](#)
- [Akomodasyon pou Tès ACT ak Sipò pou Elèv k ap Aprann Anglè](#)

achieve
more®

SAT®

Katriyèm Trimès

Etap Aksyon yo

- Tcheke detanzantan kont Scoir pitit ou a ak lekòl ki nan lis paj "Applying" (Aplike) a pou gide li sou kondisyon aplikasyon yo ak dat limit yo ki nan wout.
- Ede pitit ou a kòmanse ranpli aplikasyon pou kolèj (Aplikasyon Komen, Aplikasyon pou Enstitisyon, ak plis lòt).
- Ba li sipò nan preparasyon redaksyon pou kolèj yo, revize e korije deklarasyon pèsonèl la.
- Kreye pwòp idantite paran ou sou FSA pandan ete a an preparasyon pou ranpli FAFSA a nan otòn sa a.
- Ale nan yon fwa kolèj teknik ak pitit ou a pou aprann plis sou plizyè chemen karyè ki disponib nan kolèj teknik lokal nou yo.



Resous

- [Kreye ak Sèvi ak 'ID FSA' a](#)
- [Estime "Federal Student Aid" \(Èd Federal pou Elèv\) ou](#)
- ["Mapping Your Future" \(Prepare Avni w\) pou Paran ak Fanmiy](#)



Pou plis enfòmasyon, vizite
studentservices.dadeschools.net

